



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 25 out 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SANT RESOUS REKRITMAN ETA SOU ENTÈNÈT POU MOUN AK VETERAN KI GEN ANDIKAP YO**

*Patisipan yo ki sètifye nan pwogram lan kapab kounye a soumèt enfòmasyon pou konsiderasyon travay Eta nan [www.cs.ny.gov](http://www.cs.ny.gov)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse lansman Sant Resous Rekritman Eta sou entènèt, sa ki pral sèvi kòm santral rekritman travay lokal sou entènèt pou moun kap chèche travay yo ki sètifye elijib pou patisipe nan pwogram Gouvènè a pou anboche moun ak veteran yo ki gen andikap. Sitwèb la pèmèt moun kap chèche travay yo pou telechaje rezime ak transkripsyon yo, e li egalman bay enfòmasyon aplikasyon osijè sètifikasyon dezabilite, kidonk yo ka pi byen konekte avèk opòtinite travay nan ajans eta yo.

“Avèk lansman nouvo pòtay sa sou entènèt, veteran ak moun ki gen andikap yo ap jwenn plis aksè pase anvan nan mache travay eta,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Sa a se yon lòt fason ke nap travay pou pote plis opòtinite a Nouyòkè yo nan chak kwen nan eta, e mwen ankouraje tout moun kap chèche travay ki elijib pou itilize nouvo zouti sa jodia.”

Sant resous rekritman disponib nan sitwèb sèvis sivil depatman [LA](#).

Pwogram Gouvènè a pou anboche moun ak veteran ki gen andikap yo, ki konnen tankou pwogram 55-b ak 55-c, respektivman, pèmèt moun ki kalifye ak veteran yo ki gen yon andikap pou nome nan pozisyon konpetitif sivil nivo antre san yon egzamen alekri. Lwa Sèvis Sivil Eta New York deziyen 1,200 pozisyon nivo antre pou pwogram 55-b pou moun ki gen andikap yo. Anplis, Eta bay 500 pozisyon nivo antre anba pwogram 55-c spesifikman pou veteran yo ki gen yon andikap.

Premye etap nan pwogram lan se pou aplike pou sètifikasyon avèk Depatman Sèvis Sante Anplwaye Sèvis Sivil. Depi aplikan yo fin sètifye pou pwogram 55-b oswa 55-c, yo ka soumèt enfòmasyon yo yonsèl kote sou entènèt endike istwa travay, reyalizasyon akademik, ansanm avèk preferans lokasyon jeyografik pou travay eta. Ajans Eta yo pral itilize Sant Resous Rekritman 55 b/c pou idantifye kandida yo pou pozisyon nivo antre yo.

Haitian Creole

“Nap ankouraje tout aplikan ki kalifye yo pou itilize resous travay pratik sa,” te deklare Komisyonè Sèvis Sivil Jerry Boone. “Pozisyon nivo antre sa yo souvan bay moun ki kalifye ansanm avèk veteran yo ki gen yon andikap yon pwen depa pou bati yon karyè travay pwodiktif nan gouvènman Eta.”

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon kalifikasyon sètifikasyon dezabilite ak lòt opòtinite pou travay sèvis sivil, vizite [www.cs.ny.gov](http://www.cs.ny.gov).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*

**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE